*Приложение № 1 к ООП ООО*

**Рабочая программа учебного предмета**
**Родная (чеченская) литература**

Обязательная часть учебного плана.
Предметная область: Родной язык и родная литература.

# Кхеторан кехат

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу бахьано хьелаш кхуллу цуьнан Iалашбаран а, кхиоран эшар. 5-9 классашкахь «Ненан мотт а, ненан меттан литература а» предметан декъахь хьоьхуш йу ненан (нохчийн) меттан литература санна, иза хьажийна йу дешархойн интеллектуале-довзаран, коммуникативе, исбаьхьаллин-эстетикин похIмаш кхио а, коьрта гIиллакхе-этикин кхетам кхолла а, личностана нохчийн къоман культура марзйан а.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет – иза беран интеллектуале а, гIиллакхе-этикин а кхиаран тIегIа къастаден гуманитарни дешарх коьрта предмет йу. Литературин дешаро аьтто бо йешаран маьIна а девзаш, литература Iаморо шегахь къонахчун амал кхиайой а хууш, шен дуьненхьежамна дашца а, йозанца а бух бало а хууш, адамца а, йукъараллица а йаза хууш йолу кхетаме личность кхио.

Программо чулоцу кхеторан кехат а, предмет карайерзоран кхочушдан лору жамIаш а, предметан чулацам а, программин хIора дакъа карадерзо билгалдаьхначу сахьташца йолу тематикин планировани а, урокал арахьарчу гIуллакхдаран план а.

Карара программа бух хилла лаьтта авторийн дешаран программаш хIитторехь а, «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет хьоьхучу ненан (нохчийн) меттан а, литературин а хьехархойн белхан программа хIотторехь а. Авторийн а, белхан программаш хIитточара а хьехаран материал къепе йалорехь и Iамо раж къасто а, дакъойн а, теманийн а сахьташ дIасхьадекъа а шен некъ кховдо а мега.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

Литература уггаре эвсаре гIирс бу шен кхачаме стаг хила (ша шен кхето, ша шен кхио), гонахьарчу хиламийн хьелашца тарвала, иштта кхолларалин жигаралин стимулятор а йу.

Ненан меттан литература Iаморо дIалоцу личность кхиоран процессехь коьрта меттиг, иштта Iаморо аьтто бо цуьнгахь къонахалла, гIиллакхе амал, кхолларалин похIма кхиорехь, нохчийн халкъан дахаран философи йовзарехь а, карайерзорехь а, иштта доккха гIо до къоначу тIаьхьене къоман исторически зераш дIакховдорехь а. Билггал йолу Iалашонаш кхочушйаран дешаран материал вовшахтоьхна гуманизман критерешца, исбаьхьаллин а, довзаран а механлашца, пайдаэцархьама тIекхача йиш хиларца, актуале

хиларца, поликультурица, ламасталлин классика а, вайзаманан литература а цхьаьнайарца, тематикин а, жанрийн тайпа башх-башха хиларца догIуш махиллара.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет Iаморо таронаш кхуллу дешархочун дешнийн база шорйан, церан къамелан культура, коммуникативни а, тайп-тайпана культурийн компетенцеш а кхио.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» курсан чулацам хьажийна бу дешархойн нохчийн литературин хьашташ кхочушдан, уьш нохчийн къоман культурина тIекхиарехь а, шеца иза Iалашйарехь а ша-тайпана эстетикин гIирсаш хиларе терра.

Дешархошна дешар Iамор коьрта долчу декъана оьрсийн маттахь дIахьучу йукъардешаран учрежденешкахь ненан мотт санна нохчийн мотт Iаморехь, нохчийн литература – иза дешаран предмет йу, нохчийн къоман историех а, культурех а, ламастех а хаарш схьаэца а, довза а таро луш, иштта иза культурин ша-тайпана йаздархочун кхолларалла толлуш долу дакъа ду, кхечу кепара аьлча, шеца цхьаьна эстетикин гIуллакхдар а долу, йозанан къамелан гIуллакхдар ду; нохчийн литература тIехьажийна йу Iилманан агIонхьара дуьне довзарна а, иштта дешнийн кхоллараллин говзарийн мотт бовзарна а, йешаран культурин йукъара башхаллаш карайерзорна а, литературин говзарех кхетарна а, дашца шен амал билгалйаккхарна а, иза, исбаьхьаллин литературас ша-тайпанчу маттахь дуьйциний хаийтарх кхетам кхолла а, ткъа литературин мотт йукъарчу меттан шолгIа система санна бу, цо кхуллу личностан синхаамийн дакъа, цуьнгахь ойланца хIуманан кеп хIотто а, ассоциаци йало а, логически ойла йан а, дешаран предмет хьажийна йу оцу дешаран предметехула кхочушхуьлу тIаьхьенера тIаьхьене нохчийн, оьрсийн, дуьненан культурийн оьздангаллин а, эстетикин а ламасташ дIакховдор.

**«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ IАМОРАН IАЛАШОНАШ**

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет Iаморо кхочушйан йеза рогIера Iалашонаш:

- нохчийн литературехь эстетикин агIонхьара кхеташ болу гуманистически дуьненхьежам, Россин йукъара гражданинан кхетам а, къоман синкхетам а, патриотан дог-ойла а йолуш, дукха къаьмнаш долчу Россин халкъех шен халкъ хиларх дозалла а хеташ йолу амал личностехь кхиор.
- нохчийн литература йовза лааран дог дар кхоллар, нохчийн къоман ширачу заманера схьайогIу культура мехалла хетар кхиор, дешархо шен къоман мотт а, культура а Iаморан кха тIе ваккхар, къоман культурин тIаьхьалонна йукъавалор.
- къоначу тIаьхьенехь дIайахначуй, карарчуй, йогIур йолчуй заманийн

уьйр ларйан йезаш хиларан кхетам кхиор а, нохчийн къоман культура ларйарехь жоьпалле хилар кхоллар;

- дукха къаьмнаш долчу Россин пачхьалкхехь личностана кхиаме социализаци а, ша шегахь стогалла кхиорна оьшу интеллектуале а, кхоллараллин а таронаш кхиайар.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет тІехьажийна рогІера хьесапаш кхочушдан:

- тІаьхьенера тІаьхьене историко-культурни, оьздангаллин, гІиллакхийн мехаллаш дІакховдоран хьокъехь ненан меттан нохчийн литературин маьІнех кхетар;
- ненан меттан нохчийн литературин историца йолу уьйр къастор, нохчийн литературехь йолу къоман ша-тайпана синъоьздангаллин а, материальни а нохчийн къоман культурин исбаьхьаллин шорталлех кхетам кхоллар;
- Россин Федерацин кхидолчу къаьмнийн литературин контекстехь нохчийн литература а кхуьу хилам санна цунах хаарш эцар; уьш вовшийн эр;
- нохчийн литературина бухе диллина культурин а, оьздангаллин а маьІна билгалдаккхар; йешначун хьокъехь мах хадош а, шена хетарг олуш а барта а, йозанца а къамел дан хаар;
- Іер-дахарехь а, дешаран процессехь а нохчийн литературех пайдаэца хаар кхоллар;
- шен мукъачу хенахь йешарна ханна план хІоттор, нохчийн маттахь шена хазахета йешаран говзарш мехала хетар къастор а, бух балор а;
- нохчийн литературин говзарш системехь йешарца дуьне довза а, дуьненахь ша дІалоцу меттиг къасто а, адаман а, йукъараллин а йукъаметтигаллин гармонизаци латторан а хьашташ кхоллар;
- хаамийн хьостанашца болх бан хаар кхиор, Интернетера а, иштта кхийолчу хьостанашкара хаамашна презентаци йар а, кечйар а.

**ХЬЕХАРАН ПЛАНЕХЬ «НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН МЕТТИГ**

Коьртачу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца догІуш, «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет йукъайоьду «Ненан мотт а, литература а» предметни областана, Іамо декхарийлахь долу предмет а йу.

Дешаран хьесапца 5 классехь нохчийн меттан литература Іаморна билгалдаьккхина 68 сахьт (кІиранахь – 2 сахьт).

**«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ**

Дешаран предметан чулацамо шена йукъалоцу литературин говзарийн а, церан авторийн а гайтар, иштта тематикин блокаш а: «Халкъан барта

кхолларалла», «Нохчийн йаздархойн говзарш», «Кхечу къаьмнийн литература».

**5 КЛАСС**

## ТЕМАТИКИН БЛОКАШ

**Халкъан барта кхолларалла**

Нохчийн халкъан туьйранаш:
«Кхо ваша».
«Тамашийна олхазар».
«Кхо ваша а, саьрмик».
«Доьшуш хилла кIант».
«Барзо Iахарца мохк къовсар».
Фольклоран кегий жанраш: кицанаш, хIетал-металш.

**<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>**

**Литературин туьйранаш**
Б. Саидов «Майра кIант Сулима» (дацдина).
М. Мусаев «ЦIен маьхьси».
С. Гацаев «Чкъоьрдиг» (дацдина).
А. Исмаилов «Бирдолаг».

**XX бIешаран литература**

С. Бадуев. «Зайнди».
М. Мамакаев. «Баппа».
I. Мамакаев. «Садаьржаш».
М. Сулаев. «Ламанан хи.
I. Гайсултанов. «Кегий йийсарш» («Александр Чеченский» повесть йукъара дакъа).
А. Сулейманов. Стихотворени «Борз ю угIуш».
Х. Саракаев. «Баьпкан чкъуьйриг».
Окуев Ш. «Лаьмнашкахь суьйре». («Лаьттан дай» гулар йукъара).
I. Ахмадов. «Къонахалла».
Ш. Арсанукаев. «Баьпкан юьхк».
Д. Кагерманов. «ДоттагIалла».
Х. Сатуев. «Лаьмнийн къоналла».
Ж. Махмаев. «Буьйсанан гIулчаш».
В.-Хь. Амаев. «Малх чубаре хьоьжура иза».
Дикаев М. «БIаьстенан аматаш».
Берийн журнал «СтелаIад»: журналан специфика, жанраш, рубрикаш, тексташца болх бар.

**XXI бIешаран литература**

Ш. Рашидов. «Нана-Нохчийчоь».
М. Бексултанов. «Ца кхетта хестор».
А.-Хь. Хатуев. «Нохчийн мотт».
С. Мусаев Рассказ «Хьайбанан чам».
М. Ахмадов. «Ушурма волчохь, хьошалгIахь».

**Кхечу къаьмнийн литература**

М. Лермонтов «Кавказ» (гочйинарг Сулаев М.).

**«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ**

Коьртачу школехь «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет Iамор хьажийна ду дешархой рогIера личностни а, метапредметни а, предметни жамIашка кхачарна.

**ЛИЧНОСТНИ ЖАМIАШ**

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан белхан программин личностни жамIаш коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь кхочушхуьлу дешаран а, кхетош-кхиоран а болх дешаран организацехь цхьаьна дIабахьарца. Болх дIабахьар кхочушдо Россин социокультурни а, синъоьздангаллин а ламасталлин мехаллашца догIуш ма-хиллара. И мехаллаш йукъараллин бакъонаша къобалйина тIе а эцна, цара аьтто бо шен дуьне довзар а, ша шен кхетош-кхиор а лакхадаккхарехь.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан белхан программа карайерзоран личностни жамIаш коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь декхарийлахь ду дешархошна, дикачу мехаллех пайда а оьцуш, куьйгалла а хилла дIахIитта, шайн гIуллакхдарехь гулдина зераш шордан а, церан буха тIехь кхетош-кхиоран гIуллакхдаран хьежамаш кхолла а, цу йукъахь кху декъахь а:

- **гражданалла кхетош-кхиоран:**

гражданинан декхарш а, цуьнан бакъонаш а кхочушйан кийча хилар, бакъонаш а, машар а, кхечу адаман законан бакъонаш ларар; доьзалан, йукъарчу коьртачу дешаран программаш кхочушйечу дешаран организацин, меттигерчу йукъараллин, хьомсарчу мехкан, пачхьалкхан дахарехь жигара дакъалацар; цхьана а кепара экстремизм, дискриминаци тIецалацар; адаман дахарехь тайп-тайпана социале институташа дIалоцу меттигах кхеташ хилар; гражданинан коьртачу бакъонех, машарх, декхарх лаьцна хьежам хилар,

социале нормаш а, личностни йукъаметтигаллин бакъонаш а йовзар; коррупцина дуьхьало йан кийча хилар; тайп-тайпана гIуллакхдар нахаца цхьана дан хууш хилар, дешархойн шаьш дечу урхаллехь дакъалаца кийча хилар, гуманитарни гIуллакхаллехь (волонтералла, нахана гIо дар,) дакъа лоцуш хилар а.

- **патриотийн кхетош-кхиоран:**

дуккха а къаьмнаш долчу йукъараллехь Россин гражданин хилар дозалла хетар, ненан мотт Iамор, Россин Федерацин а, шен къоман а, Россин къаьмнийн а истори, культура йовза лууш хилар, шен Даймехкан мехаллаш доккха хIума хеташ хилар: Iилманан, искусствон, спортан, технологин, тIеман а, белхан а хьуьнарш мехала хетар; Россин символаш, пачхьалкхан деза денош, исторически а, Iаламан тIаьхьалонаш, памятникаш, хьомечу пачхьалкхехь дехачу къаьмнийн ламасташ ларар. синъоьздангаллин кхетош-кхиор: синмехаллаш харжа оьшучохь а, оьздангалла харжа эшар нисделлачу хьолехь а нийса харжам бар, шен леларан нийса мах хадо хаар а, нехан леларан мах хадо хаар а, харц леларшна резацахилар; личность индивидаца а, йукъараллица а маьрша, жоьпалле хилар.

- **синъоьздангаллин кхетош-кхиоран:**

искусствон башх-башха тайпанаш а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а ламасташна, кхолларраллина а битаме хилар, искусствон синхааме тIеIаткъамах кхеташ хилар, исбаьхьа культура ладаме хетар, Даймехкан а, дуьненан искусствон мехаллех кхеташ хилар, этносийн культурин ламасташ а, халкъан кхолларалла а маьIне хетар, тайп-тайпанчу искусствошкахь шен меттиг каро хьажар а.

- **физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, синхаамийн хьал а кхиоран:**

дахаран мехаллех кхетар, шен могашалла ларйар, могашалла ларйеш дахар нисдар (пайде хIума йаар, гигиена ларйар, садаIаран а, белхан а хенан раж ларйар, спорте лелаш йа физкультура йеш хилар); вуон хIуманаш лелор дитар (къаьркъа малар, наркотикаш лелор, тонка озар), иштта кхийолу дегIан а, синан а могашалла талхош йолу хIуманаш цалелор; кхерамазаллин бакъонаш ларйар, иштта интернет-машанашкахь а кхерамазаллин бакъонаш ларйар, стресс хила тарлун хьелашна марзвалар, хийцалучу социале а, хаамийн а, Iаламан а хьелашна а кийча хилар, иштта цу хьокъехь шен дахаран зерех пайда а оьцуш, кхин дIа а шен Iалашонашка дIаэхар;
шена а, кхечарна а бехк билла сиха цавалар;
шен синхаамаш шегахь сацо хаар, кхечеран синхаамийн хьолах кхетар;

стаг гӀалат волуш хуьлуш хилар хаар а, шен гӀалаташ тӀелаца хаар, уьш нисдан деза хьажа везар.

- **къинхьегаме кхетош-кхиоран:**

хьалхахӀиттийна декъарш кхочушдан Ӏалашонца жигара дакъалацар (доьзалехь, гӀалин, кӀоштан йукъардешаран дешаран организацехь), йукъараллин а, технологически а гӀуллакх а, болх а дӀаболо, дӀахӀотто хаар, тайп-тайпана гӀуллакхаллин план хӀотто а, иза кхочушйан а Ӏамар, тайп-тайпана къинхьегаман корматаллаш Ӏамор, корматаллин йукъараллехь дӀатарвала, ваза.

- **экологин кхетош-кхиоран:**

йукъараллин а, Ӏаламан а, Ӏилманийн а хааршна тӀе а тевжаш, гонахьарчу Ӏаламан хьокъехь хьалхахӀуьтту хьесапаш кхочушдан, гонахьарчу Ӏаламан пайдехь хин долу гӀуллакхаш дӀадахьа план хӀоттор, экологин культурин тӀегӀа лакхадаккхар, экологин кӀорггера проблемаш йовзар, уьш кхочушйан некъаш лахар, гонахьара Ӏалам бехдийр долу белхашна дуьхьал жигара дакъалацар, Ӏаламан, технологин, йукъараллин йукъарлехь зӀе латтош волу гражданинан маьӀна довзар, экологин хьежамашна лерина гӀуллакхаллехь жигара дакъалацар.

- **Ӏилманан мехаллех кхетам:**

вайзаманан Ӏилманан системехь адам а, Ӏалам а, йукъаралла а кхиар толлучу хьежамашна тӀе а тевжаш, адаман Ӏаламца а, йукъараллица а йолу зӀенаш а, дуьне довзаран гӀирс санна меттан а, йешаран а культура карайерзор, талламаш бар Ӏамар, талламийн зерийн ойла йар, талламаш ша а, коллективана а йукъахь дӀабахьар.

Йукъараллин а, Ӏаламан а хийцалучу хьелашна дешархо марзварехь кхачойеш йолу личностни жамӀаш:

Доьшучара йукъараллин зераш карадерзор, шен хене хьаьжжана йукъараллехь леларан бакъонаш, норманаш, йукъараллин дахаран кепаш, тобанашкахь, йукъараллашкахь а, цу хьокъехь доьзалехь нийса леларан коьрта йукъараллин меттиг къасто хаар;

билгалдоцу хьелашкахь, кхечеран зерашна, хааршна виллина хиларца доьшучаьргахь зӀе латторан хьуьнар хилар;

билгалдоцу хьелашкахь, шен компетенци тӀегӀа лакхадаккхаран хьуьнар кхиор, ткъа иза кхочушдалур ду практически гӀуллакхехула а, цуьнца цхьаьна кхечу адамашка а хьоьжуш Ӏамар, церан керлачу хааршна тӀекхиар;

васташ билгалдахар а, уьш вовшахъэр, керла хаарш карадерзор, цуьнца цхаьна идейн, кхетамийн формулировка йан хаар, объектех, хиламех гипотезаш кхолла хууш хилар, шен хаарийн дефицитех кхетар, шен

компетенцин тIегIа довзар, шен кхиаран план хIотто хаар;

коьртачу кхетамех, терминех, чIагIделлачу кхиаран концепци декъехь болчу кхетамех оьшург къасто хаар;

Iаламца, йукъараллин, экономикин йукъаметтиган анализ йар, и йукъаметтигаш къастор;

гонахьарчу Iаламан бечу тIеIаткъамна чот а йеш, Iалашонашна тIекхочуш а, декхарш кхочушдеш а, шен гIуллакхийн, белхийн мах хадо хаар;

дешархошкахь стрессийн ситуацешкахь боха ца боха Iамор, хуьлучу хийцамийн а, церан тIаьхьенех нийса мах хадо Iамор, стрессийн ситуацешна дуьхьало йан йезаш хилар, стрессийн ситуацин мах хадо хаар, йуьхьарлаьцна гIуллакхашна, хьелашка хьаьжжина, корректировка йан хаар, йуьхьарлаьцначу гIуллакхехь кхиамаш ца хилахь а, воха а ца вухуш, кийча хилар.

## МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМIАШ

***Дешаран универсальни довзаран дараш карадерзор:***

**Коьрта маьIнийн дараш:**

объектийн (хиламийн) билгалйолу билгалонаш Iорайахар а, къастор;

классификацин ладам боллу билгалонаш а билгалйаха, йечу анализан жамI даран а, дустаран а. критерешна а бух бало;

хьалха хIиттийнчу декхаршка хьаьжжана, къастайечу факташкахь хила догIурш а, бIостанехь дерг а билгалдаккха, тергоне эцнарш гайтийта а, хила догIурш а, бIостанехь дерг а Iорадаккхаран критереш йало;

хьалхахIоттийнчу декхарна оьшучу хаамийн дефециташ къастор;

хиламаш а, процессаш а Iаморехь бахьанин-талламан уьйраш къастор, дедуктивни а, индуктивни а ойланехь сецначарах пайда а оьцуш жамI дар, аналогица догIуш ойланехь сецначун жамI дар, вовшашца уьйр йолчарах гипотезийн формулировка йар;

дешаран шардаран кхочушдан шен лаамехь некъ лахар (масех вариант вовшах йустар, уггаре гIолехь йерг харжархьама).

**Бухера талламан дараш:**

довзаран талламан гIирс санна хаттарех пайдаэцар;

догIуш доллу хаттарш хIиттор, шен лаамехь лоьхучу хаамашна жоп лахар;

шена хетачух лаьцна гипотезин формулировка йар, шен хетачун аргументаци йалор;

ша хIоттийнчу планаца талламаш бар, чолхе йоцу эксперимент дIайахьар, талламан объектан башхаллаш билгалйахар, объектийн йукъара бахьанин-талламан уьйраш къастор.

Таллам барехь (экспериментехь) схьахиллачу хаамийн бакъхиларх пайдэцаран

мах хадор;
дІабаьхьначу талламийн хиллачу зерийн жамІийн ша формулировка йар, хиллачу жамІийн бакъхиларан мах хадоран гІирс бевзаш хилар;
процессаш, хиламаш, церан тІаьхьалонна хила тарлучу кхиаран прогноз йар, ишттачу а, царах терачу ситуацешкахь шен хетарг къасто, керлачу хьелашкахь а, контекстехь а церан кхиаран хетарг хьалха татар.

**Информацица болх бар:**

хьалха хІиттийна дешаран декхарш а, т1ейиххкина критереш а кхочушйан хьостанашкара информаци, хаам лохуш тайп-тайпана некъех, гІирсех пайдаэца, харжа, анализ йан, системизаци йан, башх-башха информацин тайпанийн, гайтаран кепийн интерпретаци йан, цхьаьна йогІу аргументаш лаха (цхьа верси, идей бакъйеш йа харцйеш), шен лаамехь информаци дІагайта йогІуш йоллу кеп харжа, чолхе йоцучу схемашца, диаграммашца, йа кхечу кепара графикица кхочушдечу шардаран иллюстраци йан;
хьехархоша къастийнчу критерешца, йа шен лаамца формулировка йина информаци тешаме хилар къасто; информаци эвсаре дагахь латто а, системизаци йан а.

***Дешаран универсале, коммуникативе дараш карадерзор:***

**Къамел дар:** хетачух кхета а, хетачун формулировка йан, Іалашоне а, къамел даран хьелашка хьаьжжана, эмоцеш гайтар, шена хетарг барта аларца а, йозанан тексташкахь а дІагайта, къамел даран невербале гІирсаш бовза, социале билгалонийн маьІнех кхетар, Іотбаккхаме хьелаш кхуллу таронаш йовза, Іотбаккхамаш кІадбан, бартбан, кхечеран Іалашонех кхеташ хила, шеца къамел дечуьнца ларам хила, оьздачу кепехь шена нийса цахетачун формулировка йар, къамел дечу йукъана догІуш долу хаттарш хІиттор, шен лаамехь къамел даран формат харжа, аудиторин башхалле хьаьжжана, къамелана презентаци йан, цуьнга хьаьжжана барта а, йозанан а текстийн гайтаран материал хІоттор.

**Шен лаамехь гІуллакх дІадахьар:** билггал йолу проблема кхочушйеш болх ша беш а, йа тобанна йукъахь беш а гІолехь долчух кхета а, пайдаэца а, хьалха хІоттийна Іалашо кхочушйарехь тобанца кхочушйан йезаш хиларан бух бало, цхьаьна дечу гІуллакхан Іалашо тІеэца, и кхочушйан дараш тобанца билгалдаха, шайна йукъахь болх дІасхьабекъа, бартбан, процесс а, жамІаш а дийцаре дан, масех адамна хетачун йукъара маьІна даккха, куьйгалла дан кийча хила, тІедилларш кхочушдан, муьтІахь хила, цхьаьна бечу белхан дІахІоттаран план хІотто, цу балха йукъахь хІораннан меттиг къасто, белхан Іалашонаш вовшашна йукъахь, хІораннан тароне хьаьжжана, дІасхьайекъа, тобанан декъашхошца белхан Іалашонаш йийцаре йан, шен белхан дакъа кхочушдан, ша бинчу белхан мехалла къасто, белхан йуьхьца кхочушхилла

долу жамI дуста, белхан жоьпалле дакъа схьаэца, тобанна хьалха жоп дала кийча хила.

***Дешаран универсале, регулятиве дараш карадерзор:***

**Ша шен къепе хIоттор:** дахаран а, дешаран а хьелашкахь нислун проблемаш къасто, сацам тIелоцуш тайп-тайпана некъаш билгалбаха, шардар кхочушдан шен лаамехь алгоритм харжа, дешаран шардар кхочушдан некъ харжа, ша кхийдайечу варианташна аргументацеш йало, Iамочу объектех хиъначу керлачу хаарийн хьесап а деш, кхийдайечу алгоритмана корректировка йан, харжам бан, бинчу сацамна жоьпалле хила.

**Ша шен терго латтор:** ша шена терго латторан некъаш карадерзо, ша шена мотиваци йан, хьолана богIуш боллу мах хадо, хьал хийца план кховдо, дешаран шардар кхочушдеш, халонийн контекст лара а, халонашна сема хила, хийцалучу хьелашка хьаьжжана, шен сацамна адаптаци йан, кхочушхиллачу (кхочуш ца хиллачу) жамIийн бахьанаш кхето хаа, хиллачу зерийн мах хадо, хиллачу хьолехь пайде дерг къасто, керлачу хьелашка хьаьжжана, гIуллакхаллин йукъа коррективаш йало, гIалаташ къасто, Iалашонан а, хьолан а жамIца богIу мах хадо.

**Эмоциале интеллект:** шен а, кхечеран а эмоцеш къасто а, йийца а, царна урхалла дан, эмоцеш билгалйаха, эмоцеш хиларан бахьанин анализ йан, ша кхечу стеган метта хIотто, кхечун бахьанех, Iалашонах кхета, эмоцеш гайтаран некъан урхалла дан.

**Шех а, кхечарах а кхетар:** кхечу стагах кхета, цуьнан хетачун ойла йан, гIалат вала / йала шен бакъо хила, изза бакъо кхечун йуйла хаа, ша долу хIума тергонехь латто йиш йоций хаа.

## ПРЕДМЕТАН ЖАМIАШ

«Ненан меттан (нохчийн) литература» дешаран предметехула йолчу герггарчу белхан программа карайерзоран предметан жамIаша гайта деза:

1) кхин дIа шен кхиарехь ненан меттан литература йешаран а, Iаморан а ладамаллех кхетар; хIокху дуьнен чохь ша вовзаран а, дуьнедовзаран а гIирс санна систематически йешар оьшуш хиларан хьашташ кхоллар, адаман а, йукъараллин а йукъаметтиг тайар, массо а агIор диалог йар;

2) ненан меттан литература халкъан къоман-культурин коьрта мехаллех цхьа мехалла хиларх, дахар довзаран шатайпа некъ хиларх кхетар;

3) культурин самоидентификаци латтор, шен къоман культурин тоьлла говзарш Iаморан буха тIехь ненан мотт Iаморан коммуникативни-эстетикин таронех кхетар;

4) шена хетарг аргументашца дӀаала а, говзачу дашца барта а, тайп-тайпанчу жанрашкахь йозанца а, оьздангаллех вуьззина квалифицированни дешархо кхиор, цуьнгахь, хӀуманан хьесап доккхуш, къамел дан Ӏамор, йешнарг йийцаре йечохь дакъалацар, шен йешаран мукъачу хенан план хӀоттор;
5) тайп-тайпана этнокультурин ламасташ гойтуьйту литературин исбаьхьаллин говзарех кхетар Ӏамо кхиор;
6) Ӏилманан а, гӀуллакхан а, публицистикин а литературех исбаьхьаллин литературин башхаллаш къасто Ӏамар, йешначун критически мах хадо а, анализ а говзалла кхоллар, литературин говзарехь гайтина дахаран исбаьхьаллин дуьненах кхетар;

ЖамӀ: доьшуш верг кхета йешаран маьӀналлех а, ладамаллех а, йешарна а марзло, тайп-тайпана говзарш йешаран зедалар хуьлу.

Нохчийн литература халкъан къоман-культурин коьрта мехаллех цхьа мехалла хиларх, дахар довзаран ша-тайпа некъ хиларх кхетар;

ЖамӀ: доьшуш верг кхеташ хуьлу нохчийн литературехь къаьста нохчийн къоман менталитет, цуьнан истори, дуьненах кхетар, литературо адаман дахаран оьшу коьрта маьӀнаш довзуьйтий а.

Нохчийн фольклоран а, кхечу халкъийн фольклоран а, XX бӀешаран нохчийн йаздархойн, XXI бӀешаран йуьххьерчу йаздархойн литературин а, Россин халкъийн литературин а Ӏамийнчу говзарийн коьртачу проблемах кхетар, литературин вастех кхетар, эстетически хьежам кхоллар, литературин исбаьхьаллин весташ кхуллуш долчу меттан гайтаран гӀирсаш бевзаш хилар, оьздангаллехь ша къастор, Россин халкъан культурин говзарийн а, нохчийн халкъан культурин а, дуьненан кхечу къаьмнийн, дуьненан культурин а говзарш Ӏаморехь нохчийн меттан таронаш кӀезиг цахиларх кхетар а.

ЖамӀ: адамийн йукъара проблемаш йовзарехь зедалар хуьлу доьшуш волчунна, нохчийн литературин меттан таронех пайдаоьцуш, и проблемаш йийца а Ӏема.

Литературин говзаршна анализ йан хаар, уьш муьлхачу жанрийн тайпанех йу къасто хаар, литературин говзаран теманах а, идейх а, гӀиллакхе пафосах кхета а, кхолла а, турпалхойн амалш билгалйаха, цхьана йа масех говзарийн турпалш вовшашца дуьхьалхӀотто, тексташна йукъара цитатех а, нохчийн меттан суртхӀоттаран гӀирсех а пайдаоьцуш, прозийн говзарийн йа церан дакъош схьадийца хаар, ладоьгӀначу а, йешначу а текстех лаьцначу хаттаршна жоп далар, тайп-тайпанчу аларийн барта монолог йан, диалог дӀайахьа, нохчийн литературин шена хета мах хадор, шен хетарг аргументашца дӀаала а, говзачу дашца барта а, тайп-тайпанчу жанрашкахь йозанца а, оьздангаллех вуьззина квалифицированни дешархо кхиор,

цуьнгахь, хIуманан хьесап доккхуш, къамел дан Iамор, йешнарг йийцаре йечохь дакъалацар, шен йешаран мукъачу хенан план хIоттор.

ЖамI: доьшуш волчунна карадоьрзу литературин говзарийн анализ йар а, интерпретаци йар а, къамелаца и дIахIотто а, шена хетачунна аргументаци йан а, шениг чекхдаккха хаа а, ша йеша леринчу литературин го къасто а.

Тайп-тайпана этнокультурин ламасташ гойтуьйту литературин исбаьхьаллин говзарех кхетар Iамо кхиор; литературин говзарийн эпохаца йолу зIенех кхетар, цо шена чукъуьйлу оьздангаллин мехаллаш билгалйахар, нохчийн а, оьрсийн а литературин, культурин синъоьздангаллин мехаллашна тIаьхьа вазар/йазар а, Iамийнчу литературин говзаршна шениг (цкъацкъа) интерпретаци йар.

ЖамI: доьшуш верг Iема нохчийн литературин а, нохчийн матте гочйинчу а говзарех кхета.

Тайп-тайпана литературин жанрийн говзарш барта схьайийцарх кхетар а, Iамийнчу говзарийн тематикица йоьзна сочиненеш а, изложенеш а йазйар, кхолларалин цIеран белхаш а йаздар а, литературин а, культурин а теманашна рефераташ йазйар, говзаршкахь сюжетан элементаш, композици, исбаьхьаллин васташ кхуллуш долчу меттан гайтаран гIирсаш къастор а, говзаран идейн-исбаьхьаллин чулацам белларехь долчу церан маьIнех кхетар (филологин агIонхьара анализ йаран элементаш), литературин говзаран анализ йарехь литературоведчески терминологи йевзаш хилар, авторан позицех кхетар, Iилманан а, гIуллакхан а, публицистикин а литературех исбаьхьаллин литературин башхаллаш къасто Iамар, йешначун критически мах хадо а, анализ а говзалла кхоллар, литературин говзарехь гайтина дахаран исбаьхьаллин дуьненах кхетар.

ЖамI: доьшуш волчо карадерзадо, маьIна а доккхуш, диканиг къастош, йешар, текстах кхета, кхечу тайпанийн текстех къасто Iема, интеллектуальни ойла йарца йешаран хьокъехь хиллачу дуьххьарлера синхаамашка йухахьажар.

## НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ

### 5 КЛАСС (68 сахьт)

| № п/п | Программин дакъойн а, темийн а цIераш | Сахьтийн барам | | | Терахь | ГIуллакхдаран коьрта тайпанаш | Жам1даран кеп. | Электронни дешаран ресурс. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Разделан сахьташ | Таламан белхаш | Кхолларалин белхаш | | | | |
| **Дакъа 1. Халкъан барта кхолларалла** | | | | | | | | |
| 1.1. | Нохчийн халкъан туьйра «Кхо ваша»<br>«Тамашийна олхазар».<br>«Кхо ваша а, саьрмик».<br>«Доьшуш хилла кIант.<br>«Барзо Iахарца мохк къовсар».<br>Малые жанры фольклора: пословицы, загадки.<br>Фольклоран кегий жанраш: кицанаш, хIетал-металш.<br>Нохчийн халкъан туьйранаш. Туьйранаш кхаа тобане декъар: Iер-дахаран, тамашийна, дийнатех лаьцна туьйранаш. Нохчийн халкъан туьйра «Кхо ваша». Тамашийнчу туьйранийн элементаш. Iер-дахаран темица догIу туьйра «Тамашена олхазар». Туьйранан йукъараллин | 11 | 1 | 0 | 02.09.22 | Iаматан декъана лерина теоретикин статьян историкин-культурин информаци йеша, кхета, йийцаре йан. Кицанаш исбаьхьа деша. Аналитически къамелехь дакъалацар. Тайп-тайпана къаьмнийн кицанаш а, хIетал-металш а дуьхь-дуьхьалхIитторан анализ дIайахьар.<br>Туьйранаш исбаьхьа деша, цу хьокъехь, ролешка доькъуш а, царах кхета а. йухайийцаран тайп-тайпана кепаш карайерзо.<br>Дашца болх бан а, цу хьокъехь, историкин-культурин комментари | Проект<br><br><br>Йозанан таллар<br><br>Барта хаттар | https://desharkho.ru/<br><br>http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br><br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | мукъамаш. Миска нах а, элан тайпанан нах а дуьхь-дуьхьалхIиттор. «Борз а Iахар а» - дийнатех лаьцна туьйра. ХIокху тайпана туьйранашкахь персонажаш йукъахь цIейаххана персонаж цхьогал хуьлу.Цхьогал нохчийн туьйранашкахь шина агIор гойту. Цхьадолчу туьйранашкахь иза мекара, хIиллане экха, аьшпанча, хьесталург санна гахь а, ткъа кхечу туьйранашкахь - иза хьекъале, хIуманна кархдолуш тIах-аьлла дийнат ду. Ча а, Борз а, мелхо, - сонта, Iовдал, кIиллу ду. Дукхахьолахь, уьш цхьам-цхьамма Iехийна, кхерийна уьдуш йа дойъуш нисло. Лом а, ЦIоькъалом а туьйранашкахь уггаре нуьцкъала дийнаташ санна гойту, церан вастехь къаьста къиза Iазапхо. Цара олалла до массо а дийнаташна тIехь. Дийнатех лаьцначу туьйранашкахь аллегори йалорца гойту адамийн кхачамбацарш. Цу меттигашкахь дийнатийн леларех пайдаоьцу адамийн амалшкахь долу анташ, сиркхонаш Iорайохуш. Иштта йолчу говзаршкахь коьрта долчу декъана, юмор, ирони хуьлу.<br>Литературин теори: фольклор, фантастикин элементаш, туьйранийн поэтика (терминаш ца йалош), туьйра жанр санна, туьйранийн тайпанаш, туьйранийн композици, дустарш, йухааларш, дIадолор, чаккхе, туьйранийн кульминаци, гипербола, эпитет, туьйранийн варианталла.<br>Классал арахьара дешар. | | | | | хIотто а. ЦхьаьнайогIучу тайп-тайпана къаьмнийн туьйранийн,фольклоран, литературин туьйранийн персонажийн васташ а, тематика а дуьхь-дуьхьалхIотто. | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Дерриг: | | 11 | 1 | 0 | | | | |
| **Дакъа 2. Нохчийн йаздархойн говзарш** | | | | | | | | |
| 2.1. | **Литературин туьйранаш:**<br><br>Саидов Б. «Майра кIант Сулима» (дацдина).<br>Хьанал къинхьегам а, дикалла а, адамийн дахарехь оцу кхетамийн маьIна, хьолахойн саьхьаралла а, мекаралла а йемалйар.<br>Туьйранехь йолчу догдикалла а, къинхетам а, оьздангалла а хастор.<br>Мусаев М.«ЦIен маьхьси»<br>Хьекъал мекараллел а, сонталлел а лакхара хилар тIечIагIдар. Нахана даьккхинчу оьрна чу ша вужу. Цунах терра долчу оьрсийн туьйранца уьйр. Туьйранехь йолу юмор.<br>.<br>Гацаев С. «Чкъоьрдиг» ( дацдина).<br>Халкъан васта буха т1ехь кхоьллина туьйра.<br>Чкъоьрдигаца жоьра-бабин къийсам -дахар дуьхьа къийсам. Жоьра-бабин т1ехь баьккхина толам а, шена т1ехь баьккхинарг а.<br><br>Исмаилов А. «Бирдолаг».<br>Туьйранан философин маьIна. Туьйранехь цакхооран а, тешаме хиларан а тема. Туьйранан цхьайолчу персонажийн шех бIобулуш хиларан амал йемалйар. Сен ницкъ, майралла, догдикалла, оьздангалла, цхьогаллан хIилла, бирдолагийн шалхалла. Дикано вуо эшор.<br>. | 9 | 1 | 0 | | Дахарехь биначу тидамийн, Iилманан-дешаран,<br>исбаьхьаллин, Iилманан-кхетаме йолу литература йешаран буха тIехь барта монологически аларш хIитто.<br>Йешна йа ладоьгIна текст барта схьайийца, цу йукъахь дийцархочун йуьхь хуьйцуш а. Лингвистически теманаша йолчу диалогехь а (Iамийнчун барамехь), дахарехь биначу тидамийн буха тIехь йолчу диалогехь/ полилогехь а дакъалаца.<br>Барта а, йозанехь а текстан тема а, коьрта ойла а билгалйаккха; текстан чулацамца догIу хаттарш хIитто а, царна жоьпаш дала а. Йуьхьанцарчу текстан чулацаман анализ йан, йозанан кепехь ма-барра а, бацбина а иза бовзийта.<br>Дахарехь а, книгаш йешарехь а зеделлачунна, чулацаман суьртана тIе а тевжаш, тайп-тайпана сочиненеш йазйар (цу йукъахь сочиненеш-миниатюраш а) | Йозанан таллар<br><br>Барта хаттар<br><br>Сочинени | https://desharkho.ru/<br><br>http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br><br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Литературин теори: Литературин туьйра.<br>Халкъан туьйранах литературин туьйра къастар, фантастикин элементаш, гипербола, эпитет, туьйранийн варианталла, диалог, монолог, туьйранашкахь йолу оьздангаллин кепаш<br>Классал арахьара дешар. | | | | | | | |
| 2.2 | **XX бIешаран литература:**<br><br>Бадуев С. «Зайнди» (дийцар).<br>Дийцарехь болу оьздангаллин кхетамаш, дийцаран сюжет а, вастийн система а.<br>Мамакаев М. «Баппа» (дийцар).<br>Литературин теори: дийцаран жанр, сюжет, васт.<br>Лаха-Невре I. Мамакаевн музей чу виртуальни экскурси йар.<br>Мамакаев I. «Садаьржаш» (стихотворени).<br>Сахилар гайтарехь йаздархочун говзалла.<br><br>Сулаев М. «Ламанан хи» / « (стихотворени).<br>Йаздархочун биографи. Жимачу а, боккхачу а Даймахке безам кхиор.<br>Гайсултанов I. «Кегий йийсарш» («Александр Чеченский» цIе йолчу повеста йукъара кийсак).<br>ТIеман шерийн трагеди. Нохчийн къоман исторически дIадахнарг<br>Сулейманов А. «Борз ю угIуш» / (стихотворени). | 33 | 1 | 2 | | Поэтийн а, йаздархойн а биографин факташ йовзийтар.<br>Байтийн а, прозин а текстах шовкъе вола/йола а, исбаьхьа йеша а. Йешначух шен йешаран йукъаметтиг гайта.<br>Говзаран тема, проблематика, идейн-исбаьхьаллин чулацам билгалбаккха.<br>Iаматан декъана лерина теоретикин статьян информаци йеша, кхета, йийцаре йан. Дашца болх бан. Барта йа йозанца хаттаршна жоьпаш дала (цитированехь пайда а оьцуш.) Текстан анализ йеш коллективан диалогехь дакъалаца.<br>Тайп-тайпана йухайийцаран кепаш карайерзо. Тематически герга йолу говзарш хIитто. Дашца болх бан, исбаьхьаллин гайтаран гIирсаш гучабаха. Текстехь коьрта дешнаш а, церан символически а, хIуманийн | Йозанан белхаш<br><br>Барта хаттар<br><br>Практически болх | https://desharkho.ru/<br><br>http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br><br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Олхазаран-КIотара Сулейманов Ахьмадан музей чу виртуальни экскурси йар.<br>Шегахь нехан гIуллакхе хьажаран гIиллакх а, догдикалла кхиор.<br>Саракаев Х. «Баьпкан чкъуьйриг» / (дийцар).<br>Ялтин тIалам бан безаран ойла тIечIагIйар.<br>Окуев Ш. «Лаьмнашкахь суьйре». «Лаьттан дай» цIе йолчу гулар йукъара)<br>Даймахке а, Iаламе а безам кхиор. Поэтан исбаьхьаллин говзалла.<br>Литературин теори: пейзаж, эпитет, аллитераци (гайтар кхиор).<br>Ахмадов I. «Къонахалла» / (дийцар).<br>Кхиазхочун амал дIахIоттар, ша шена тIехь толам.<br>Арсанукаев Ш. «Баьпкан юьхк» / « (стихотворени).<br>Вовшашца къинхетаме хиларе кхайкхам, Iаламо лучунна а, адаман къинхьегамна а тIалам бар,<br>Кагерманов Д. «ДоттагIалла» / (дийцар).<br>Бераллехь дуьйна кхетош-кхиор оьшуш хилар.<br>Сатуев Хь. «Лаьмнийн къоналла» (стихотворени). Iалам поэтан кхетамехь а, исбаьхьаллин гайтарехь а.<br><br>Махмаев Ж. «Буьйсанан гIулчаш» / (дийцар).<br>Беран синдуьне. Кхиазхочун кхиарехь драматически момент а, мах боцу зедалар а.<br>Амаев В.-Хь. «Малх чубаре хьоьжура иза» (дийцар). | | | | | йукъара уьйраш а гучайаха. Iаматан гайтаран материалца болх бан.<br>Прозин текстийн йоцца йухадийцар хIоттор. Дийцаран коьртачу турпалхочун вастан амалш билгалйаха.<br>Байтийн тематически цхьаалла къастор.<br>Лирически говзаршкахь исбаьхьаллин гайтаран гIирсаш гучабахар (эпитет, синедерзор, дустар). Стихотворенин йуьхьанцара анализан йозанан белхаш кхочушбан. Стихотворенеш дагахь Iамо.<br>Эпически говзар йухайийца (йоцца, ма-йарра, харжа а хоржуш). План хIотто.<br>Сюжет а, тематикин шатайпаналла билгалйаккхар. Говзаран тема а, коьрта ойла а, коьрта конфликт а билгалйаккхар. | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Диц ца лун шераш. Махкахдахаран сингаттаме суьрташ. Беран чоьхьарчу дуьненан гайтаран говзалла.<br>Дикаев М. «БӀаьстенан аматаш (стихотворени). Ӏаламан хазалла. Исбаьхьалла. Эстетика а, этика а (Ӏалам а, къинхьегам а хастор).<br>Литературин теори: дустар, эпитеташ, метафораш, пейзаж.<br>Ахмадов М. «Ушурма волчохь, хьошалгӀахь» (дийцар).<br>Шайх Мансуран йуьхьшано нохчийн историхь дӀалоцу меттиг<br>Турпалхочун синъоьздангаллин амат. Къинхетаман а, доглазаран а тема тӀамна а, машарна а дуьхьалхӀоттор.<br>Берий оьмарехула историн хиламаш йухаметтахӀоттор.<br>Говзаран самукъане дӀадолор.<br>Классал арахьара дешар. | | | | | | | |
| 2.3 | **XXI бӀешаран литература:**<br><br>Рашидов Ш. Стихотворени «Нана-Нохчийчоь» ТӀом дӀабаьллачул тӀаьхьа Нохчийчоь меттахӀоттор. ГӀаланаш, йарташ йухаметтахӀоттор. Республикин бахархойн сирла йаххьаш. ТӀекхуьу чкъор шен къоман синмехаллашна марздар. Стихотворенин ритм синъайъаме хьал гайтаран гӀирс санна.<br>Бексултанов М. «Цакхетта хестор» (дийцар). | 7 | 1 | 0 | | Барта йа йозанца хаттаршна жоьпаш дала (цитированех пайда а оьцуш.)<br>Текстан анализ йеш коллективан диалогехь дакъалаца. Тайп-тайпана йухайийцаран кепаш карайерзо.<br>Тематически герга йолу говзарш хӀитто.<br>Дашца болх бан, исбаьхьаллин гайтаран гӀирсаш гучабаха. Текстехь коьрта дешнаш а, церан символически а, хӀуманийн йукъара уьйраш а гучайаха.<br>Ӏаматан гайтаран материалца болх бан. | Тестировани<br><br>Барта хаттар<br><br>Йозанан белхаш | https://desharkho.ru/<br><br>http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br><br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Іаламан дуьне тІалам беш йукъаметтиг латторан хьашт.<br>Хатуев І.-Хь. «Нохчийн мотт»/ (стихотворени). Адаман дахарехь ненан меттан дешан, ненан меттан къамелан хазалла. Хандешан кепийн шорталла. Ритмикин а, рифмин а башхалла. Литературин теори: ритм, рифма.<br>Мусаев С.М. «Хьайбанан чам»/ (дийцар). Депортацехь нохчийн доьзалан халачу дахарх лаьцна дийцар. Бер доккха хилар.<br>Берийн журнал «СтелаІад»: журналан специфика, жанраш, рубрика, текстащца болх бар.<br>Классал арахьара дешар. | | | | | Прозин текстийн йоцца йухадийцар хІоттор. Дийцаран коьртачу турпалхочун вастан амалш билгалйаха. Байтийн тематически цхьаалла къастор. Лирически говзаршкахь исбаьхьаллин гайтаран гІирсаш гучабахар (эпитет, синедерзор, дустар). Стихотворенин йуьхьанцара анализан йозанан белхаш кхочушбан. Стихотворенеш дагахь Іамо. Эпически говзар йухайийца (йоцца, майарра, харжа а хоржуш). План хІотто. Сюжет а, тематикин шатайпаналла билгалйаккхар. Говзаран тема а, коьрта ойла а, коьрта конфликт а билгалйаккхар. | | |
| Дерриг: | | 49 | 3 | 2 | | | | |
| **Дакъа 3. Кхечу къаьмнийн литература** | | | | | | | | |
| 3.1. | М. Лермонтов «Кавказ» (гочйинарг Сулаев М.) | 2 | 0 | 0 | | Тема къастор.<br>Лирически говзаршкахь исбаьхьаллин гайтаран гІирсаш гучабахар (эпитет, синедерзор, дустар).<br>Стихотворенин йуьхьанцара анализан йозанан белхаш кхочушбан.<br>Стихотворенеш дагахь Іамо. | Барта хаттар | https://desharkho.ru/<br><br>http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br><br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| Дерриг: | | 2 | 0 | 0 | | | | |
| **Дакъа 8. Жам1даран таллар** | | | | | | | | |
| 8.1 | Сочинени | 2 | | 2 | | Сочинени язйан | Йозанан болх | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 8.2 | Проект | 2 | 2 | | | | Йозанан болх | |
| 8.3 | Контрольни болх /Тестировани/ | 1 | 2 | | | Тестировани | | |
| 8.4 | Шеран стандартизированни контрольни болх | 1 | | | | | | |
| Дерриг: | | 6 | 4 | 2 | | | | |
| **Программица сахьтийн барам** | **68** | | | | | | | |

**НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ПОУРОЧНИ ПЛАНИРОВАНИ**

**5 класс**

| № п/п | Урокан тема | Сахьтийн барам | | | Терахь | Жам1даран кеп. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Сахьт | Талламан белхаш | Кхолла раллин белхаш | | |
| **Халкъан барта кхолларалла (11с. + 1с.)** | | | | | | |
| 1. | Халкъан барта кхолларалла. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 2. | Нохчийн халкъан туьйра «Кхо ваша». | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 3. | Нохчийн халкъан туьйра «Кхо ваша» тӀечӀагӀдар. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 4. | Нохчийн халкъан туьйра «Тамашийна олхазар». | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 5. | Нохчийн халкъан туьйра «Кхо ваша а, саьрмик». | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 6. | Нохчийн халкъан туьйра «Доьшуш хилла кӀант». | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 7. | Нохчийн халкъан туьйра «Доьшуш хилла кӀант» тӀечӀагӀдар. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 8. | Нохчийн халкъан туьйра «Барзо Ӏахарца мохк къовсар» | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 9. | Классал арахьара дешар. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 10. | Фольклоран кегий жанраш: кицанаш. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 11. | Фольклоран кегий жанраш: хӀетал-металш. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 12. | Проект | 1 | 0 | 1 | | Проект |
| **Нохчийн йаздархойн говзарш Литературин туьйранаш (9 с.+1 с.)** | | | | | | |
| 13. | Саидов Б. «Майра кӀант Сулима». | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 14. | Саидов Б. «Майра к1ант Сулима» (туьйра). Туьйранан турпалхой. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 15. | Саидов Б. «Майра к1ант Сулима» (туьйра). Сулимин хьуьнарш. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 16. | Мусаев М. «Ц1ен маьхьси» – дийнатех лаьцна туьйра. Лоьман омра. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 17. | Мусаев М. «Ц1ен маьхьси» (туьйра). Бекхам. | 1 | 0 | 0 | | Тестировани |
| 18. | Гацаев С. «Чкъоьрдиг» (туьйра). Коьрта турпалхо. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 19. | Гацаев С. «Чкъоьрдиг» туьйра. Чкъоьрдиган толамаш. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 20. | Исмаилов А. «Бирдолаг». Туьйранан философин маьIна. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 21. | Классал арахьара дешар. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 22. | Сочинени | 1 | 0 | 1 | | Сочинени |
| **ХХ бIешаран литература (33 с.+3 с.)** | | | | | | |
| 23. | Бадуев С.С. дахар, кхолларалла. «Зайнди» дийцар. Турпалхойн васташ. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 24. | Бадуев С.С. «Зайнди» (дийцар). Коьрта маьIна. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 25. | Мамакаев М.А. дахар, кхолларалла. «Баппа» (дийцар). Ши некъахо. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 26. | Мамакаев М.А. «Баппа» дийцар. Нийсо харцонал толар. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 27. | Литературин теори: дийцаран жанр, сюжет, васт. | 1 | 0 | 0 | | Тестировани |
| 28. | Эхашеран тест | 1 | 0 | 1 | | Тестировани |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 29. | Мамакаев I.Ш. дахар, кхолларалла. «Садаьржаш» (стихотворении). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 30. | I. Мамакаевн музей (виртуальни экскурси). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 31. | Сулаев М.А. дахар, кхолларалла. «Ламанан хи» (стихотворении). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 32. | Гайсултанов 1.Э. дахар, кхолларалла. «Кегий йийсарш» – повестан дакъа. Ши доттагI. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 33. | Гайсултанов 1.Э. «Кегий йийсарш». Iалин кхоллам. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 34. | Олхазаран-КIотара Сулейманов Ахьмадан музей чу виртуальни экскурси йар. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 35. | Сулейманов Ахьмадан «Борз йу уг1уш» (стихотворении). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 36. | Саракаев Хь. «Баьпкан чкъуьйриг» (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 37. | «Баьпкан чкъуьйриг» дийцарх лаьцна. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 38. | Проект | 1 | 0 | 1 | | Проект |
| 39. | Окуев Ш. «Лаьмнашкахь суьйре» (стихотворени). Литературин теори: пейзаж, эпитет, аллитераци (гайтар кхиор). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 40. | Классал арахьара дешар. | 1 | 0 | 0 | | Тестировани |
| 41. | Ахмадов I. «Къонахалла» / (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 42. | Ахмадов I. «Къонахалла» / (дийцар). Кхиазхочун амал дIахIоттар, ша шена тIехь толам | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 43. | Дийцар, суртхIоттор, ойлайар. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 44. | Арсанукаев Ш. «Баьпкан юьхк» (стихотворени). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 45. | Кагерманов Д. «ДоттагIалла» (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 46. | Кагерманов Д. «ДоттагIалла» / (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 47. | Сатуев Хь. «Лаьмнийн къоналла» (стихотворени). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 48. | Махмаев Ж. «Буьйсанан гIулчаш» / (дийцар). Беран синдуьне. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 49. | Махмаев Ж. «Буьйсанан гIулчаш» / (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 50. | Амаев В.-Хь. «Малх чубаре хьоьжура иза» (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 51. | Амаев В.-Хь. «Малх чубаре хьоьжура иза» (дийцар). Беран чоьхьарчу дуьненан гайтаран говзалла. | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 52. | Дикаев М. «БIаьстенан аматаш (стихотворени). Iаламан хазалла. | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 53. | Исбаьхьалла. Эстетика а, этика а | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 54. | Литературин теори:дустар,эпитеташ, метафораш, пейзаж. | 1 | 0 | 0 | | Тестировани |
| 55. | Сочинени | 1 | 0 | 1 | | Сочинени |
| 56. | Ахмадов М. «Ушурма волчохь, хьошалгIахь» (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 57. | Ахмадов М. «Ушурма волчохь, хьошалгIахь» (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 58. | Берийн журнал «СтелаIад»: журналан специфика, жанраш, рубрика, текстащца болх бар | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **XXI бIешаран литература – (7 с.+1с.)** | | | | | | Йозанан таллар |
| 59. | Рашидов Ш. стихотворени «Нана-Нохчийчоь». | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 60. | Бексултанов М. «Цакхетта хестор» (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 61. | Хатуев Iабдул-Хьамидан “Аьрзунан илли” стихотворени | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 62. | Хатуев I.-Хь. «Нохчийн мотт»/ (стихотворени). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 63. | Мусаев С.М. «Хьайбанан чам»/ (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 64. | Мусаев С.М. «Хьайбанан чам»/ (дийцар). | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| 65 | Классал арахьара дешар. | | | | | Барта хаттар |
| 66. | Шеран тест. | 1 | 1 | 0 | | Тестировани |
| **Кхечу къаьмнийн литература (2 с.)** | | | | | | |
| 67. | М. Лермантов «Кавказ» (гойинарг Сулаев М.) | 1 | 0 | 0 | | Барта хаттар |
| 68. | М. Лермантов «Кавказ» (гойинарг Сулаев М.). ЖамIдаран урок | 1 | 0 | 0 | | Йозанан таллар |
| ПРОГРАММИЦА САХЬТИЙН БАРАМ | | 68 | | | | |

**Хьехаран-методикин латтор**

**Дешархочунна**

1.Эдилов С.Э. Нохчийн литература. 5-чу классана учебник-хрестомати. – Соьлжа-ГIала, 20I8.

2.Эдилов С.Э. Нохчийн литература. Белхан тетрадь №№1,2., Соьлжа-Г1ала. АО «ИПК «Грозненский рабочий»-2018 ш.

3.Мациев А.Г. Нохчийн-оьрсийн словарь. (Чеченско-русский словарь). – Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2010. – 656 с.

**Хьехархочунна**

1.Арсанукаев А.М. Школехь исбаьхьаллин произведени таллар (Анализ художественного произведения в школе). – Грозный, 20I8.

2.Арсанукаев А. Нохчийн литература хьехаран методика (Методика преподавания чеченской литературы). – Грозный, I987. – I88 с.

3Джамбеков О.А. «Халкъан барта кхолларалла. Дешаран пособи – Грозный, 20I7.

4.Эдилов С.Э. Методическое руководство к учебнику-хрестоматии по чеченской литературе для 5 класса. - АО «ИПК «Грозненский рабочий», 20I8.

5.Эдилов С. Э. Сочинени язйан 1амор. АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2018. – 160 аг1о.

Эдилов С.Э. 5-чу  классехь нохчийн литература хьехар. Соьлжа –Г1ала. АО «ИПК «Грозненский рабочий» - 2019.

**Хаамийн-ресурсийн латтор**

1.Нохчийн меттан лексикин-семантикин тезаурус (Лексико-семантический тезаурус чеченского языка)//URL: http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus

2.Образовательный портал «Чеченская электронная школа» //URL:https://desharkho.ru

3.Чеченско-русский, русско-чеченский онлайн-словарь. Дикдошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru